

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan maké métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan anu make kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Métode kuasi ékspérimén digunakeun pikeun nguji modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi.

Dumasar kana métodena, désain panalungtikan mangrupa proses nu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah dina panalungtikan. Nurutkeun Nazir (2013, kc. 84) désain panalungtikan nyaéta sakabéh proses nu diperlukeun dina ngarancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan.

Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *One-Group Pretest-Posttest Design*. Dina ieu désain panalungtikan, tés dilakukeun dua kali nyaéta saméméh ékspérimén *pre-test*, jeung sanggeus ékspérimén *post-tést*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara méré *pre-test* heula pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangajaran nulis pangalaman pribadi. Sabada éta dibéré *treatment* ngalatih kamampuh nulis pangalaman pribadi ngaliwatan pangajaran maké modél *Thik-Talk-Write*. Tuluy, pikeun ngukur kamampuh ahir siswa nulis pangalaman pribadi dilaksanakeun *post-test*. Desain ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap

Tabél 3.1
Desain Panalungtikan

| | | |
|----------------|---|----------------|
| O ₁ | X | O ₂ |
|----------------|---|----------------|

(Sugiyono, 2017, kc. 75)

Katerangan:

O₁ = kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*

X = pangajaran ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*

O₂ = kamampuh nulis pangalaman pribadi sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*

3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 7 Kota Bandung anu aya di Jl. Ambon No. 23, Citarum, Kec. Bandung Wétan, Kota Bandung, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kelas VIII-D SMPN 7 Kota Bandung Taun Ajar 2019/2020 anu jumlahna 31 siswa, 16 siswa awéwé, jeung 15 siswa lalaki.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta lembaran tés kalayan ngagunakeun téknik tés tulis. Luyu jeung tiori Sugiyono (2017, kc. 102) yén instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh kajadian alam boh kajadian social nu diténan. Éta kajadian sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

Ieu tés dilakukeun pikeun ngetés kamampuh awal siswa dina nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun model *Think-Talk-Write (TTW)*, Jeung ngetés kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi sabada digunakeun model *Think-Talk-Write (TTW)*. Tés anu digunakeunna mangrupa tés tulis nu mangrupa paréntah nyieun karangan pangalaman pribadi kalayan témana bébas.

Ieu di handap mangrupa instrumén anu digunakeun dina panalungtikan kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

Soal Pre-tést - Post-tést**Paréntah:**

Baheula basa kuring ker SD boga babaturan dalit pisan. Ngarana Rafi kamana-mana bareng nepikeun sakola ogé di sakola nu sarua. Jeung lamun aya kagiatan di sakola téh pasti babarengan waé. Pokona mah kuring moal nepi ka poho ka si éta, malah ku kuring mah geus dianggap dulur.

Ayeuna pék hidep nyieun pangalam pribadi nu kungsi ku hidep karandapan. Kahadé perhatikeun eusi, éjahan, kosa kecap, jeung diksi, ogé struktur panulisan kudu bener jeung merenah!

Jawaban:

Wasta :

No. absen :

Kelas :


Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN
KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén ditétélakeun dina bagan di handap.



Bagan 3.2
Prosédur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosédur panalungtikan bakal ditétélakeun di handap.

1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis

Saméméh panalungtikan, diayakeun wawancara ka guru basa sunda SMP Negeri 7 Kota Bandung nheunaan masalah atawa pasualan anu karandapan di kelas nalika nepikeun bahan ajar nulis pangalaman pribadi hususna di kelas VII J luyu jeung kurikulum anu dipaké.

2) Ngarumuskeun Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, tuluy éta masalah téh dirumuskeun naon pasualan anu karandapan ku kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung.

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Raraga Tiori
- 4) Ngarumuskeun Hipotésis
- 5) Nyieun Instrumén Panalungtikan
- 6) Ngumpulkeun data (kamampuh saméméh, *treatment*, kamampuh sanggeus)

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di SMP Negeri 7 Kota Bandung kelas VII J taun ajar 2019/2020, tuluy ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas anu fungsina pikeun gumpulkeun data. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta kamampuh saméméh jeung kamampuh sanggeus ngagunakeun mode pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kamampuh awal dilakukeun saméméh *treatment*, tujuana pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 7 Kota Bandung kelas VII J saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, kamampuh sanggeus dilakukeun *treatment* anu tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 7 Kota Bandung kelas VII J sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

- 7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data kamampuh saméméh jeung kamampuh sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistic ngagunakeun aplikasi *SPSS PASW versi 18*.

- 8) Nyieun Kacindekan

Kacindekan miboga eusi tina sakabéh rumusan masalah jeung data anu kakumpul.

- 9) Nyieun Laporan

10) Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan.

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik nu dugunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Téknik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi.

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE (TTW)* PIKEUN NGARONJATKEUN
KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu hal luyu jeung jeung pamarekan Arikunto (2014, kc. 193) yén tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, kamampuh siswa atawa bakat nu dipiboga ku hiji individu atawa kelompok.

Tés dilaksanakeuna dua kali, nyaéta kamampuh saméméh (tés awal) pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW), jeung kamampuh sabada (tés ahir) pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi sabada ngagunakeun modél. Kamampuh saméméh (tés awal) dilaksanakeuna saméméh perlakuan (*tretmen*), tujuana oikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW). Naronjat henteuna kamampuh siswa bias ditempo ku cara ngabandingkeun hasil kamampuh saméméh jeung hasil sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW).

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téknik Analisis Data

Téknik ngolah data nyaéta ngolah data hasil tina panalungtikan. Tujuana pikeun mikanyaho hasil tina kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun model *Think-Talk-Write* (TTW) sarta pikeun ngajawab masalah-masalah nu karandapan salila panalungtikan.

Aya sababaraha léngkah nu dilakukeun dina nganalisis data kamampuh saméméh jeung sanggeus.

- 1) Mariksa jeung meunteun karangan pangalaman pribadi sisw saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) ngagunakeun kritéria di handap.

Tabél 3.2

Kritéria Meunteun Nulis Pangalaman Pribadi

| No | AapéK Kamampuh Nulis | Skor | Kritéria |
|----|----------------------|-------|---|
| 1 | Eusi | 27-30 | Hadé pisan: sampurna, hartina maham pisan, bisa mekarkeun kecap |

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | | | |
|---|------------------------|-------|--|
| | | | koncina/rélevan luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar |
| | | 22-26 | Cukup hadé: maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar tapi kurang lengkep |
| | | 17-21 | Sedang-Cukup: pamahamanana kurang, kurang bisa mekarkeun kecap koncina pasualan nu dipedar heureut |
| | | 13-16 | Kurang Hadé: teu maham kana eusi, teu bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta teu cukup pikeun diajén |
| 2 | Organisasi Karangan | 18-20 | Hadé Pisan: gagasan diungkapkeun jéntré, padet, susuna geus hadé, runtuyana logis sarta kohésif |
| | | 14-17 | Cukup Hadé: kurang terorganisir, tapi ide utama bisa katingali, runtuyana logis tapi teu lengkep |
| | | 10-13 | Sedeng-Cukup: gagasan teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan sarta mekarkeun teu logis |
| | | 7-9 | Kurang Hadé: teu terorganisir, jueng teu cukup pikeun diajén |
| 3 | Kosa Kecap | 18-20 | Hadé Pisan: jembar dina milih kosa kecapna, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecap nu merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap |
| | | 14-17 | Cukup-Hadé: kurang jembar dina milih kosa kecapna, kecapna éféktif, milih |

| | | | |
|---|------------------------------|-------|---|
| | | | kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi teu ngaganggu |
| | | 10-13 | Sedang-Cukup: kurang merenah dina milih kosa kecapna, kecapna kurang éféktif, kawatesan dina milih kekecapan sarta make kosa kecapna mindeng salah nepi kangabalukarkeun salah ma'na |
| | | 7-9 | Kurang Hadé: teu éféktif dina milih kosa kecapna, asal-asalan dina milih kekecapanana, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap atawa kurangna kabeungharan kecap, teu cukup pikeun diajén |
| 4 | Adegan Basa | 22-25 | Hadé-Pisan: ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahanana dina make jeung nyusun kalimah sarta kekecapanana |
| | | 18-21 | Cukup-Hadé: konstruksi basajan tapi éféktif, saeutik kasalahan dina tata basa, jeung teu ngaleungitkeun ma'na |
| | | 11-17 | Sedeng-Cukup: hésé dina maké jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa, ma'nana teu puguh (ngabingungkeun) |
| | | 7-9 | Kurang-Hadé: teu ngawasa kana aturan sintaksis, loba kasalahan tata basa, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén |
| 5 | Mékanik (éjahan jeung diksi) | 5 | Hadé- Pisan: ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan, jeung tulisan kabaca tur rapih |

| | | | |
|--|--|---|--|
| | | 4 | Cukup-Hadé: kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na, tulisan kabaca rada rapih |
| | | 3 | Sedeng-Cukup: kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, jeung ma'na teu puguh, jeung tulisan rada kabaca tapi teu rapih |
| | | 2 | Kurang Hadé: henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, jeung tulisan hésé dibaca jeung teu rapih |

Nurutkeun Harfield jeung Nurgiyantoro (dina Kuswari, 2010, kc. 183)

- 2) Méré peunteun kana hasil nulis pangalaman pribadi, kalawan ngagunakeun rumus.

$$\Sigma = \text{apék } A + B + C + D + E$$

- 3) Ngasupkeun peunteun kamampuh nulis pangalaman pribadi kana tabél;

Tabél 3.3

Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Saméméh jeung Sanggeus Dilarapkeun Modél Pangajaran Think-Talk-Write (TTW)

| No Absén | Aspék Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi | | | | | P | Katégori (kkm ≥ 75) |
|-----------|---|---|---|---|---|---|---------------------------|
| | A | B | C | D | E | | |
| 1 | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | |
| Σ | | | | | | | |
| \bar{x} | | | | | | | |

Keterangan:

A = eusi

B = organisasi tulisan

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

C = kosa kecap
 D = adegan basa
 E = mékanik (éjahan jeung diksi)
 P = peunteun
 Σ = jumlah peunteun
 \bar{x} = rata-rata

3.6.2 Uji Sipat Data

Dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké program *SPSS PASW versi 18*. Uji sipat data digunakeun pikeun nangtukeun uji statistika paramétrik atawa non paramétrik. Pikeun nguji sipat data ngaliwatan dua cara nyaéta uji normalitas jeung uji homogénitas.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun sipat data anu miboga distribusi normal atawa henteu (Sudjana, 2005, kc. 250). Kitu deui nurutkeun Sujarweni (2007, kc. 55) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak anu digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat normal atawa teu normal bisa digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*. Pikeun nguji hipotésis normalitas data dian ieu panalungtikan nyaéta saperti di handap.

H_0 = data miboga distribusi normal

H_1 = data miboga distribusi henteu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ($\alpha = 0,05$). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, lamun nilai sign (signifikansi) $< 0,05$

3.6.2.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna sumber data. Ngitung homogénitas ngagunakeun *SPSS PASW versi 18*. Taraf

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN
 KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

signifikansi dianggap homogén saupama indéks anu dimeunangkeun dina *Kolmogorov-Smirnov* atawa *Shapiro Wilk* nyaéta $P > 0,05$.

Nilai signifikansi (sig) $> 0,05$ data homogén

Nilai signifikansi (sig) $< 0,05$ data teu homogén

3.6.3 Uji Hipotésis

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 64) hipotésis nyaéta hiji jawaban anu sipatna saheulaanan ngeunaan pasualan-pasualan nu aya dina panalungtikan, nepi kabuktian ngaliwatan data nu geus kakumpul. Hipotésis panalungtikan kudu dirumuskeun sacara singket tur jéntré, nunjukeun ayana hubungan antara dua atawa leuwih *variabel* jeung dirojong ku tiori-tiori nu ditétélakeun ku para ahli atawa hasil panalungtikan anau *relevan*.

Uji hipotésis dilakukeun ngagunakeun statistik paramétrik, saupama data miboga distribusi anu normal. Kitu deui ngagunakeun statistik non-paramétrik, saupama data miboga distribusi anu henteu normal. Dina ieu panalungtikan, uji hipotésis dilakukeun ku cara t-tes program *SPSS PASW versi 18*. Acuan nu dijadikeun dadasar kaputusan tina t-tes nyaéta nilik kana nilai *signifikansi* (*sign*). Léngkah mimiti nu kudu dilakukeun dina t-tes program *SPSS PASW versi 18* nyaéta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) = teu aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa di kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

H_1 (Hipotésis alternatif) = aya bédana anu signifikan anantara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa di kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*.

Dumasar kana hipotésis di luhur, kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak, upama nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditarima atawa H_0 ditolak, upama nilai sign (signifikansi) $< 0,05$